## Téyé ak Yàq yu dosiye bu EI

Sa liggéeykatu serwiis bu EI dafa war a denc say dosiye doom yu EI ba sa juróom-ñeenteeli atum juddub doom dellusi. Liggéeykatu serwiis bu EI bi mën na téyé say dosiye doom yu EI lu gën a yàgg loolu xanaa nga wax ko mu yàq dosiye yi bu say juróom-ñeenteeli atum juddu bu sa doom dellusee weesoo.

EI mën na téyé sa dosiyewu doom, bésub juddu, say xibaari jokkoo, turi jokkolekati serwiis bu EI ak liggéeykati serwiis yi liggéey ak sa njaboot, ak xibaar yi weesu (bokk na ci at yi nga am yu weesu, ak bépp poragaraam bu dugg bi mbir yi weesoo) te amul àpp.

Ngir yeneeni tegtal ci say yelleef ci sa wàllu dosiye yu EI bu doom, jokkool ak DCY bi ci ei@childrenandyouth.ohio.gov. Ngir yeneeni tegtal ci wàllu FERPA, jokkool ak Biro bi yore Njaboot gi ci Departemaa bu njàngum Amerig (Family Compliance Office in the U.S. Department of Education) ci 202-260-3887.

## Lijjanti xulóo

Sudee danga am mbir moo àndul ci EI, am na ay pexe yu bari ngir lijjanti ko. Yoon wi gën a yomb te gën a gaaw mooy liggéey ak sa porogaraamu gox bu EI jaare ko ci sa jokkolekatu serwiis bu EI wala kilifay EI bi nekk ci sa gox ngir gis pexe ci li nga àndul.

Xibaari jokkoo bu sa jokkolekatu serwiis bu EI ñu ngi ci sa téerey yëgle. Ngir am ay xibaar ci kilifay porogaaraamu EI bu sa gox xoolal daluweb bu EI: ohioearlyintervention.org.

Sudee bëgguloo liggéey ci porogaraamu EI bu sa gox, jokkool ak liggéeykati EI yu DCY ci ei@childrenandyouth.ohio.gov.

Mën nga bind ab kayitu ñaxtu ak DCY te laaj departemaa biy saytu ñaxtu yi, ngeen waxtaane ko, wala ngeen dem ca ëttu àttekaay ba. Danga war a xaatim sa kayitu ñaxtu ak sa loxo. Dafa ci war a bokk ab leeral bu li xew ak yan sàrt wala yelleef lañu jalgati.

Kayiti ñaxtu yi dañu leen war a yóbbu ci:

Ohio Early Intervention
Ohio Department of Children and Youth
P.O.Box 183204
Columbus, Ohio 43218

## Gëstu

Sudee danga bëgg DCY gëstu sa ñaxtu, departemaa bi dafa war a laaj ay xibaar yu jóge ci yaw ak sa liggéeykatu serwiis bu EI, xoolaat bépp xibaar bu jaar yoon, te jël an ndogal bu mujj bunu bind ci biir 60 fan ndax am na ab jalgati ci say yelleef wala ci sàrti EI yi. Ndogal bu mujj bi dina ëmb ay xibaar yu sew ci lan la DCY def ak nar a def ngir jubbanti bépp jafe-jafe.

## Xalaatu xel

Xalaatu xel nekk na luy jóge ci coobare yéen ñaar ñépp yaw ak sa liggéeykatu serwiis bu EI. Sudee danga bëgg a jëfandikoo sa xalaatu xel te sa liggéeykatu serwiis bu EI ànd na ci, DCY dafay joxe ab jubóolekat bu xereñ te farul fenn mu xool tëralin bi. DCY mooy fay jubóolekat bi, te waxtaanu jubóole bi war na am ci barab ak waxtu yu baax ci ñépp.

## Tëralinu déglu bu jaar yoon

Ab tëralinu déglu bu jaar yoon nekk na ab tëralin bu gën a am doxalin. Mën nga jël ab awokaa mu teewal la, waaye nekkul lu mënuta ñàkk. Ci àtte bu jaar yoon, ab liggéeykat bu farul fenn dina xoolaat kayitu ñaxtu bi, déglu ñi ci bokk, xoolaat yeneeni xibaar, ak joxe ab ndogal bunu bind ci biir 30 fan dale ko bi nga jotee ñaxtu bi. DCY mooy faj njëgu tëralinu déglu bu jaar yoon bi bu liggéeykat bi, ak déglu bu jaar yoon dafa war a nekk ci barab ak waxtu yu baax ci ñi ci bokk.

Xoolal ohioearlyintervention.org/federal-and-state-regulations ngir xam leneen ci IDEA ak sàrti nguur ci wàllu poragaraamu EI bu Ohio.

**Sama jokkolekatu serwiis bu EI**

**Xibaari jokkoo:**

Department of Children & Youth

Mike DeWine, Governor
State of Ohio

Kara B. Wente, Director
Departëmaa bi yore Xale yi ak Ndaw ñi (Department of Children and Youth)
(Rev. 07/2024)

Këru liggéeyukaay bille du def xajj ak seen ci joxe ak jël liggéeykat.



# Yelleefi way-jur

Department of Children & Youth

Help Me Grow Early Intervention

## Xëtu ubbi

Way-juri xale yi nekk ci Early Intervention (EI) am nañu yelleef yu bari ak kiilaay bi jóge ci sàrti njàngum Nit ñi ame Laago (IDEA).

Departëmaa bu Ohio bi yore xale yi ak ndaw ñi (DCY) ak nit ñi muy liggéeyandool ci gox bi defar nañu doxalinu EI bi ci Ohio te ñoo tegoo doxal yelleef yi ak kiirlaay yi. Ñu ci bari ci ñoom bindu nañu sudee sax seen doom mënula bokk ci EI.

kayitu yëgle biile dafay jox sa njaboot ay leeral ci yelleef yeek kiirlaay yooyu ak itam naka ngay def sudee lenn loo àndul ci EI. Kayiti mbindu yi nuy jëfandikoo ci EI dañuy leeral yooyu yelleef ak kiirlay ci leeral ay sew-sew yu bari. Rax ci dolli, sa jokkolekatu serwiis bu EI dina leen leeral itam ak tontu bépp laaj boo mën a am.

## Yëgle bu Njëkk ak Nangu

Dinga jot ay xibaar ci yenn yëngu-yëngu yi tëralinu EI di joxe lu njëkk mbind mi. Nu ngi koy woowe "yëgle bunu bind bu njëkk" ("prior written notice.") Yëgle bunu bind bu njëkk bi dina la may diir ngir nga jël ndogal sudee danga bëgg a dugg ab yëngu-yëngu. Sudee danga bëgg a tàmbali yëngu-yëngu bi léegi, mën nga fomb diirub xaar bi. Soo doggoo ci dugg ci yëngu-yëngu yi ba noppi, dinga joxe sa permisiyoŋ ci bind.

Permisiyoŋ bii nu ki koy woowe "nangu" ("consent.") Sa nangu nekk na lu aju ci sa coobare te mën nga ko dindi saa su ne. Tëralinu EI bi dina dëggal say laaj ci bépp yëngu-yëngu ci tontu laata ngay nangu. Nu ngi lay ñaan nga laaj sa jokkolekatu serwiis bu EI wala képp nit kuy liggéey ak yaw ci bépp laaj boo am. Yëgle bunu bind bu njëkk ak dafay j5m ci

- Saytu màggaay;
- xayma yu xale;
- saytu njaboot ak xale; ak
- ndogalub mën a bokk; ak
- tàmbali wala soppi serwiis ci sa palaŋu serwiisu bu ku ne ci njaboot gi (IFSP).

Dinga jot yëgle bunu bind bu njëkk su ab serwiis bu nekk ci sa IFSP dafa jeex wala nga génn ci EI.

Yenn anam yi ab yëgle bunu bind bu njëkk du ci bokk. Nangu moo war a jiitu laata tëralinu EI bi defar yenn yëngu-yëngu yi.

Tëralinu EI dafa war a jot sa nangu laata:

- seddoo xibaar ci sa njaboot te nekkul ci biir tëralinu EI, bokk na ci sa dogtooru doom;
- am ab ndajem Palaŋu Coppite; wala
- jëfandikoo asiraansu nguur wala bu ber boppam ngir fay serwiisi EI.

Am na solo lool nga xam ne ab xayma war na nu def ko ngir dogal sa mën a bokkub doom ak saytu xale laata ngay dugg ci tëralinu EI. Sudee nanguwul saytu xale wala xayma bi war, sa doom du mën a bokk ci tëralinu EI.

## Dosiye EI ak sa Mbiri bopp

Niki tëralinu EI bi dafa am ay xibaar ci yaw ak sa doom, am nga ay yelleef yu ànd ak ay dosiye yu tëralinu EI bi téyé. Dosiye yooyu ñooy sa dosiyewu EI bu doom te bokk na ci ay xibaar ci xayma ak saytu, xibaari wérgi-yaram yu ànd ak sa mën a jëlub doom ci EI, ay serwiis ci sa IFSP, ak ay xibaari jokkoo sa digganteek say liggéeykati serwiis bu EI.

Am nga ay yelleef yu bari yu jëm ci sa dosiye EI bu njaboot. Yiile ëmb nañu sa yelleef ci:

- laaj ay kayiti sotti yu say dosiye EI bu doom.
- saytu ak xoolaat say dosiye EI bu doom ci biir 10 fani laaj bi;
- am ku la teewal kuy saytu ak xoolaat say dosiye EI bu doom;
- yot ay leeral ak ay firi ci say dosiye EI bu doom;
- am ab kayitu lim bu xeet ak barab bu dosiye EI yunu dajale, denc, wala jëfandikoo;
- laaj liggéeykatu serwiis bu EI bi mu soppi sa dosiye EI bu doom; ak
- am ab tëralinu déglu bu jaar yoon sudee liggéeykatu serwiis bi dafa bañ a soppi sa dosiye EI bu doom.

Dinga jot 9te du faf dara) ab kayitu sotti bu ndogalu mën a bokk ci biir 5 fani yëngu-yëngu bi, ak IFSP bi ci 10 fan su bépp ndaje bu IFSP weesoo. Kenn du la fayeeku ci li nga jël say dosiye EI, waaye, sa liggéeykatu serwiis mën na la fayeeku kayiti sotti yu dosiye EI yi mu la defaral sudee fayeeku bi du laal say yelleef ngir saytu ak xoolaat dosiye yooyu.

Niki xibaari jaanu biir yu nekk ci sa dosiye EI, nit ñiy liggéey ci tëralinu EI bi ñi mën a xam xibaar yi dañu ko war a denc te dunu ko siiwal. Këru-liggéeyukaay yi denc say dosiyey njaboot war nañu denc ab kayitu lim bu xeet ak barab yi ñu dajale ak denc say dosiye EI. Nit ñi nekk ci tëralinu EI bi te mën a xam sa dosiye mën nañu siiwal kese say xibaari ràññeewu bopp (PII) ak ñeneeni nit ñiy liggéey ci tëralinu EI bi ak war ko yaatal kese ci serwiisi EI yu sa njaboot. Sudee danga bëgg nu seddoo sa PII mu génnci tëralinu EI, danga war a joxe sa nangu.

Waaye, Sàrtu the Family Educational Rights ak Privacy bu 1974 (FERPA) may na sa liggéeykatu serwiis bu EI mu siiwal PII te way-jur bi àndu ci ci ay anam. Yooyu ëmb nañu:

- Yëgle IDEA bi war ci sa lekoolu gox ak këru-liggéeyukaay bi yore njàngum nguur. Danu ko yamale ci say xibaari jokkoo ak sa turu doom ak bésub juddoom;
- kureel yiy doxal njàng ci, wala mu aju ci, këru-liggéeyukaay ak këri njàngale ngir jubluwaayi yokkute, dëggal, wala di def ay saytu àrtu, di defar porogaraami jàppale ndongo yi, wala di yokk xam-xam;
- bépp kureel wala nit bu kilifa gu mag gi joxoñ ci Amerig, Awooka bu mag bu Amerig, Sekereteeru njàng mi, wala ab kilifay njàng bu gox wala bu dëkk mu doxal bépp odit, xayma, dogal jëf ju méngoo ak bépp wareefi yoon bu Amarig bu lëkkaloo ak bépp porogaraamu njàng bu nguur gi yenu.
- ab këru-liggéeyukaay bu dosiye liggéeykat wala keneen ku teewal këru-liggéeyukaay bu yore dund gu baax bu xale ci gox wala nguur su nit ki yore kiliteef bu jaar yoon ngir faj ak aar xali bi; ak
- ab tirbinaal buy tontu ci ab woote ci yoon.

Sudee dafa am ku bokkul ci tëralinu EI ku jot sa dosiye EI, këru-liggéeyukaay bi yore dosiye bi war na denc xibaari ki jot dosiye bi, kañ, ak lumu ci jublu.